Kidung Panji Sakti

Or. 19.454
= HKS 4310
Bal

Mal. 12.382
Cod. Or. 19.454

mal. 12.382 Or. 19.454 = HKS 4310

Turunan buku aksara : Jro Mangku Moler,
Bali druwen desa Bungkulan Singaraja.
Tik tanggal : 8 Pebruari 1986.
Antuk : I K. Windia.

## KIDUNG PANJI SAKTI WIJAYA, DESA BUNGKULAN SINGARAJA, 1.

/1/

### I. PUPUH: PANGKUR.

Agung singgih ksamakena,
paksa wikan pracacah baseng kawi,
wang ina-muda apunggung,
cangkiak angripta swara,
duran rakwa sutreptining maca ngrungu,
sakewala aringa,
mangô analimur wingi. (1).

Wang kalusa kurang sastra,
gung wirangrong satata angabehi,
tinda luputan ipun,
satitah murbheng suksma,
abdaning wang pangakteng bhasa kidung,
murwakaning anda dharma,
lanakinaka sing wingking.(2).

Wanten sira bhupalaka,
catreng sarat kakiati Ñakrawerti,
ring Singharaja alungguh,
marab Ida Sang Natha,
sira Panjya wisesa wibuh kalangkung,
wiweka penuheng bretia,
jana anurageng bhumi. (3).

Makamwah gedong punika,
ebek pitis tan keneng itungi,
kasugihane sang hulu,
tur abalà kang rong laksa,
Papatihe kang rong puluh kaya iku,
reke paingaran,
ngalap sata kameki. (4).

Maka mwah gelap salakra,
miwah Kebo Canigara Kebo Sapati,
/2/ Kebo /Wilalu neki,
lan Kebo Kapetengan,
Rangga Janur Rangga Dadali aran ipun,
Kala Lipung ingaranan,
Kala Dang-Astra nameki. (5).

Kebo Taruna ingaranan,
Kebo Taluktak aran lan Kebo Teki,
Kebo Tambak baya teku,
Rangga Semi Jaran Watan,
Jaran Guyang mwah Kebo Laweyan iku,
lan Ki Kebo Kumangmang,
miwah Kebo Garang-garit. (6).

Kebo Batasesa ngaran,
miwah Kebo Tambak-wisti nameki,
lan Kidang Cemeng ran iku,
Kebo Batu Lumbang aran,
makamiwah aran Kebo Batu Mategul,
miwah Bhuta Wilis aran,
lan aran Kidang Galatik. (7).

Pada sakti mawisesa,
teguh kaloka kadurajataneki,
ingabda dening Sang Prabhu,
maka tatebeng dada,
kang kaheman dening sira sang ahulu,
Sang Prabhu anelang brana,
ingulurania danaki. (8).

/2/ Tan pegat kasungdrawanin,
Prabhu Panji-Sakti sira ti-
nangkil,
ing pasebayan kaya iku,
Sang Prabhu raris ngandika,
sira Patih sadaya mangkeka
ingsun,
apraping wang guguwakan,
payu ta mangke sireki. (9).

/3/ Sira rihin dadi guwak,
ingsun asung drawinan kang
mangkeki,
daging sawah ulam iku,
wajana ana daging kubwan,
sing-sing demenin pajangane
kayu iku,
tagih si muni guwak,
manira angka ki asungi. (10).

Sapa nagih pajanganan,
wus cumawis pajanganan sire-
ki,
Ki Patih Husjaya ngrungu,
linge Sri Narendra,
pada matur singgih patikbra
anukanut,
maring weweka Sang Natha,
Paduka hamba sahiring. (11).

Ya ta dateng kang drawinan,
jawadahe dulang pinus asri,
Sang Prabhu ngandika alus,
lah ta sira dadahar,
sira Patih neda wuwuse Sang
Prabhu,
nenggih sira pada ngungkab,
saji nrawinan puniki. (12).

Kawon noranana ulam,
mung kang tasik kawon pada
satangkih,
nulia sira pada muwus,
pada ta muni gowak,
gek gek gok gok olah olah la-
war paku,
gak gak kacang gorenga,
gek gek taluh bukasemi. (13).

Guwak gawak taluh tambar,
gok gek gak gek udang magore-
ngi,
gek gok gek gok pencok tuwung,
/4/ wak wak lele mapelalah,
wakia kaki sate lele betok
tunu,
gowak gowak ayam panggang,
gowek gok tunu panggang gu-
ling. (14).

Guwak guwak jubel pelalah,
guwak guwak pesan capunge
asih,
guwak guwak sate lindung, (15).
guwak guwak sate garami pu-
niku,
guwak guwak kakul mapelalah,
guwak guwak pesan bandengi.

Guwak guwak lawar n̄awan,
guwak guwak sasate toke asih,
guwak guwak pindang bukus,
guwak guwak pesan balanak,
guwak guwak pindang murnur ne
puniku,
guwak guwak metra panggang,
guwak guwak gerang kapiting.
(16).

Mangkana ling guwak guwak,
Prabhu Panji eca sira asungi,
sama uni guwak iku, (17).
ki guwak eca dadahar,
yawa malih ki guwak muni ya
asruh,
guwak guwang sajeng brema,
Sang Prabhu aseng ngideri.

Nene wus pada drawinan,
Prabhu Panji Sakti sira nga-
puri,
Patih Gogowakan mantuk,
prapteng wisma gerianira,
kasaputan lupa Da sira turu,
rahina kocapa sira,
kabeh paha lumaris. (18).

/5/ Manjing Mancaniti prapta,
ing pasebane Prabhu Panji
Sakti,
pepek jejel pada lungguh,
neng paseban punika,
Sang Sri Raja miyos nga Jawi
rawuh,
lungguh mula para Natha,(19).
Sang Prabhu eca ningalin.

Dane siang wayah datenga,
pasugu asunge Sri Bhupati,
nulia pacar suguh sampun,
drawina gagawokan,
pada muni gowak gowak pada-
neku,
gok gok guwak guwak sira,
guwak guwak ebat kambing.(20)

Guwak guwak ebat ayam,
guwak guwak ebat penu mawi-
lis,
guwak guwak pindang timbung,
blagadabha munika,
guwak guwak guling ijunge pu-
niku,
guwak guwak rote ayam,
guwak guwak ebat sami. (21).

Gok gok ebat patung bukal,
gik gik gik gik ebat patung
kalesih,
wak wak wak wak pencok tu-
wung,
gek gek gek gek timbung lan-
dak,
guwak guwak sate ijung orob
pasut,
guwak guwak pindang ayam,
guwak guwak bebek guling.(22).

Guwak guwak rote langwan,
guwak guwak gok pindang tang-
giri,
gok gok gok gok ebat etum,
guwak guwak ayam panggang,
/6/ wak wak wak wak taluh pin-
dang ne puniku,
sang gogowakan pada eca,(23).
adrawinan seleng asengegi.

Wus ming tengah sira mbuktia,
pada muni gowak tuwak barandi,
gowak gowak arak anggur,
gowak gowak arak anira,
gowak gowak arak esol iriku,
yati ngedran pada,
samadaya awaptagi. (24).

Jani jigna ati sira,
Sang Sri Prabhu eca aningalin,
Sri Narendra angadatun,
bubar tangkilan sadaya,
mantuka prapteng gria wesma
ya nira sampun,
ya ta dateng dalu nidra,
pareng rabi apulilit. (25).

Saksaka rahuna padang,
dawuh kalih sampun ahyas si-
raki,
sakweh para Natha iku,
sadaya lumaku prapta,
ing paseban Sang Prabhu sam-
pun alungguh,
sadaya ngabakti sira,
nulia pada sira linggih.(26).

/6/

## II. PUPUH: SINOM

Dene pada sira malat,
kang pangangge atumpaki,
kang lelewes sarwa sutra,
eca pada aningali,
/7/ muni gowak padaneki,
gowak gowak wastra kampuh,
guwak guwak kampuh waca,
gek gek gek gek kampuh wastri,
wak wak wak wak kampuh was-
trane punika. (1).

Ya ta Sang Prabhu asunga,
kampuh wastra dinadiran,
sang gogowakan eca sira,
nenggih dateng ngakang sajeng,
kang drawinane mahasri,
nulia pada sira n̄ekul,
ingideran sajeng arak,
waptaga pada sireki,
Sang Sri Prabhu ngapura bubar
tangkilan. (2).

Kabeh nujeng wisma prapta,
dalu pada sira guling,
rahina maungsi ira,
asuci sira sirami,
wus siram sira payasi,
ngangge pasunge Sang Prabhu,
siang dawuh kalih kocap,
pada alumaku prapti,
ing bancingah paseban Sang
stri Narendra. (3).

Sang Prabhu piyos ngagana,
prapteng paseban alinggih,
eca mulat para Natha,
para Natha pada angling,
muni gowak padaneki,
gowak gowak asung iku,
garamti makakandelan ika,
Sang Prabhu eca asungi,
dinadaran tima kandalan ika.
(4).

Sadaya menaka Natha,
kasiangan atinireki,
/8/ gowak kinasungan,
sing kawani kinasihi,
danane Sang Sri Bhupati,
datan wenten kadi Ratu,
ya ta dateng bhojana,
bhojanane alap asri,
pada eca sang gogowak andra-
winan. (5).

Wus dadahar sira pada,
jirna jani atineki,
Sang Prabhu sira ngapura,
tangkilan bubar sameki,
nujeng wismanira prapti,
dene kasaput dalu,
ya ta sira pada nidra,
kapati sira aguling,
samadaya rahina mahungu sira.
(6).

Ya ta sira wus madiusa,
hayas-hayus sira gelis,
pada sekar sureng rana,
dawuh kaliha lumaris,
alumaku sira prapti,
i bancingah atap lungguh,
Sang Prabhu sira kawarna,
mayesin parawan teki,
kang rong puluh rumajang awa-
rinaha. (7).

Pada ngangge an̄ar sutra,
sinjange permas srenggi,
kambene batik kacinan,
murub maperada rawit,
semune pada amanis,
sengkange palodoh teku,
turas sekar gagandan,
apinggel asta sukune,
samadaya lelepanira kancana.
(8).

/8/ Cetane wadon sadaya,
ingitung ring jroning ati,
mangke janji mamanggiha,
/9/ kalagi dening wong laki,
nora dadi akelidin,
tuduh Widi manggih kakung,
ya ta sira Sri Narendra,
wus ahyas sira Nrepati,
ingiringan dening parawan pu-
nika. (9).

Sigra miyos prapteng jaba,
ing paseban sampun linggih,
Patih Gogowakan mulat,
jani pada aningalin,
parawan rumajang rawit,
nulia pada sira muwus,
linge pada muni gowak,
guwak guwak gok gok gek gik,
wak wak wak wak wak wak wak
wak wak wak. (10).

Mangkana ling gogowakan,
Sang Prabhu eca miarsi,
sigra Sang Natha ngandika,
guwak apa budineki,
sang gogowak pada muni,
gok gek kania puniku,
gok gok gok kania puri,
Sang Sri Raja Prabhu Panji,
eca mojar miharsa sang (11).
gogowakan.

Gowak si samadaya,
nggati kania sun asungi,
lah ta sira ambilana,
Ki Patih Gogowak ambil,
kania sunge ndrapati,
eca pada sira nabut,
cinekelan astanira,
Ki wadon maras ing ati,
Sang Sri Prabhu sira ngapura
tan datenga. (12).

Ki Patih Gowak sadaya,
ngdata kania umantuki,
sowang-sowang prapteng wisma,
kasaputan dalu prapti,
eca sira tan sinipi,
/10/ mekul kania wadon ayu,
ki wadon jagi kaharas,
maras-maris atineki,
ketag-ketug kang pramana ingu-
jelan. (13).

Saksana sampun sanggama,
kapati sira aguling,
kang rahina sira siram,
wus masiram apayasa,
asekar kasurapati,
warnane kembang dinulu,
apagas ing ati mulawa,
dawuh kaliha lumaris,
lumakwa nujeng bancingan mase-
ban tangeh ewa linggih sira.

Pada sira ri jro ati,
mene asunge Sang Natha,
sing kayunang kahasungi,
denira Sri Bhupati,
kawarna sira Sang Prabhu,
sira sampun mahayasa,
ngangge kaprabon Nrapati,
sira mayos nga Jawi,
prapteng paseban sesek (15).
punang panangkilan.

Lungguh sira sarwa mulat,
Papatihe jinajarni,
sigra Sang Prabhu ngandika,
sira padaneki,
mangke sun dadi gowaki,
sira dagingin ling ingsun,
Ki Patih sadaya sira,
matur bakti padaneki,
singgih Tuan patikbra neneda.
(16).

/10/ Patikbra sahiringa,
maring hyune Sri Bhupati,
arsa Sang Prabhu muni gowak,
gok gok gok gik gik gik gik,
gak gak gak gak wak wak wak
teku,
Ki Patih sadaya ngucap,
/11/ punapi kayuni,
guwak guwak budi ngalahang
Blambangan. (17).

Gek gek gok gok guwak guwak,
Belambangane den taloni,
guwak budi ananawan,
Putri Belambange lewih,
Sang Apatih pada ndelik,
gok gok gok gok nora kundurą
guwake Paduka hamba,
nora ulap hamba jurit,
kembul atah patikbra nora
mundura. (18).

Perang lawan wong Blambangan,
Sang Prabhu eca miarsa,
gek gek gik gik icanira,
Ki Patih sadaya gelis,
ngatag bala wadwaneki,
wong wadwa padaneku,
tepisiring wana desan,
maka miwah wong kikisik,
ki bandega juragan kabeh
ingatag. (19).

Ki bandega ewa ewa,
gupuh sira makakasin,
jong palwa wanjajawa kapal,
pada makena bentengi,
benteng tembaga lan wesi,
sampun makana puniku,
bedil agung alite,
tabebayan obat mimis,
tan kawarna bala-bala sama-
daya. (20).

Bekelan Ki Gelap Sayuta,
sewu tameng sikep neki,
asanjatania kalewang,
tura petake rangdi,
pinerada petake rawit,
semune tumandang tutuh,
bekelan Ki Gelap Salaksa,
sewu sikep panah jemparing,
pangangge sutra rakta pina-
rada. (21).

/12/ Bekelane Kebo Taruna,
dawus sikep dadap asri,
mangangge sutra pita,
bapange permas wilis,
bekelan Rangga Dadali,
sewu sikepe ya tulup,
kuning pangangge sadaya,
tur asawuk sutra wilis,
bekelane Kebo Taluktak. (22).

Sewu sikep bandrangan,
anglyani taluki rangdi,
len bekelane ya sarira,
Rangga Janur ta sikepi,
suligi cucuk sikepi,
bekelane Kala Lipung,
sewu asikep tantar,
pada bawang sutra wilis,
bekelane sira Kebo Cagara.
(23).

Sikepe gandila punika,
sewu pada ngangge rangdi,
len bekelane sira,
Kebo Tambak baya eki,
sewu sikep lengka eki,
pada sira kalambi ulung,
ya ta bekelane sira,
Patik Kebo Tambak wisti,
sewu pada sikep mapasronteng
lima. (24).

/12/ Mapangangge sarwa sutra,
asabuk taluki kuning,
len bekelane sira,
Patih Kebo Garang-garit,
miwah Kebo Sepita,
lan Ki Kebo Teki iku,
kabeh ngedil sikepira,
mapangangge sutra rangdi,
alancingan pegage poleng pi-
narada, (25).

Saha gubuh tatabuhan,
gong gending lawan gong beri,
pareret sakendang cina,
Sang Prabhu suka ningalin,
/13/ wadwa bala sadayeki,
egar pada kang dinulu,
Sang Prabhu tusta nala,
kahasungan padaneki,
kang drawinan ulawu ebat ban-
teng. (26).

Miwah ebat ablagadaba,
kang bala eca amukti,
ingideran sajeng arak,
arak wasdaha sireki,
tusta jarni atineki,
Sang Prabhu sira ngadatuan,
prapteng sira ahyasa,
ngangge pangangge ajurit,
gelang kana destare sutra
jinggeka. (27).

Lewih jimate komala,
asekar surapati,
yen dinulu Sri Narendra,
resres ati angetoni,
ya sira Sri Bupati,
prapteng Yawi kang gumuruh,
swaraning gong tatabuhan,
Sang Prabhu ngandika aris,
"yayi sedeng mangke mangkata
ya sira. (28).

Tumulih mangkata sira,
bala sayaga lumaris,
sira Sang Prabhu lumakwa,
sahucapa cara pandih,
kang dwaja semu ajritin,
tapeng tarus pada sampun,
kanan kiri lumampaha,
tanasari bala prapti,
ing pasowan banawi sampun cu-
madang. (29).

Sigra wadwa bala munggah,
maring jong kapal teki,
ana ring kapal tambaga,
naring wangkang sakoci,
Sang Prabhu ing panjangapi,
sadaya ing palawa sampun,
bandega bah beh kang layar,
/14/ bahita kanginan aris,
kang kawarna Ratu Blambangan
kocap. (30).

Sang Sri Raja Blambangan,
agunge anakrawreti,
bala Ratu sapuluha,
nagarane hasowangi,
Surabaya Banyuwangi,
candi bang Madura teku,
Tuban Tumapel Lingga,
Sumenep kalawan Keling,
samadaya Ratu mabala salaksa.
(31).

Ya ta sira Ratu sadaya,
umedek sira Sang Aji,
Sang Prabhu Blambangan,
sineba dening Papatih,
Arya Nuruwa eki,
lan Ki Arya sira Demung,
miwah Arya Dapaksa,
lan Ki Arya Tumenggungi,
Arya Demang lan Ki Arya Gajah-
Para. (32).

/14/ Lawan Arya Kaladian,
miwah Ki Arya Kaloping,
Arya Damar Arya Pande,
Arya Talabah Waringin,
ika Papatih Nrapati,
ingandel dening Sang Prabhu,
pada bala rong yu sira,
Sang Prabhu ngandika aris,
maring Ratu samadaya kahangen ika. (33).

Yayi pasanakan ing wang,
cetanen kagungan Bali,
wenten ke satru datenga,
wani aperang lan yayi,
Ratu sadaya maturi,
singgih Tuan Ratu Agung,
hamba nyunyetta norana,
satru Nusantara wawani,
/15/ angarista Panagara Blambangan. (34).

Benjang besuk yan prapta,
amba amaguta neki,
sukawak wong sunantara,
aperang hamba anandingin,
sampunang keweh Nrapati,
puponin kagungan Ratu,
Sang Prabhu eca miharsa,
linge para Ratu sami,
tusta nala Sang Prabhu eca kalintang. (35).

Ya ta dateng pasuguhan,
lalagaran ulam guling,
makamiwah penyu ebat,
ebat patung kang bebeki,
Ratu samadaya mbakti,
lalagaran ulam iku,
eca sira adadahar,
ingideran arak anis,
anggur osok arak bilan barandia. (36).

Tusta manah nalanira,
para Ratu sadayeki,
sakrena ikang carita,
ndan kawarna Prabhu Panji,
lampahira anglurugi,
kari ring laut sireku,
kang bahita kahanginan,
layare kumendung aris,
andarinis bahitane alampah. (37).

## III. PUPUH: DURMITA.

Ya ta dateng maring pasowan ing Tuban,
acangcang ikang banawi,
/16/ angadeg bandera,
jenggasawa buhan,
gong gending lan tambur beri,
munia munieka,
bedil agung akeras muni. (1).

Kadia udan mimis tiba maring sowan,
wong kikisik pada lari,
bedilaki renggas,
kapialaya sira,
prapteng Nagara sameki,
wong Nagara Tuban,
nabuh gendongan amuni. (2).

/16/ Desa-desa kulkul nembung
muni-munia,
dateng Blambangan Nagari,
Ratu samadaya,
amit ring Sri Raja,
bubar Ratu sadayeki,
mantuk Nagareka, (3).
sowang-sowang sira prapti.

Maring Nagarinira datengi
sadaya,
balanira wus sayagi,
ngibeking Nagara,
sregep saha sanjata,
kawarna Sang Prabhu Panji,
sampun tumuruna,
miwah bala sadayeki. (4).

Lumakwa anglurug Nagareng Tu-
ban,
wong Tuban sampun kusani,
ing rana punika,
kang wong Singaraja,
metu kasurak sagong beri,
aprajaya-jaya,
kadi guntur bedil muni. (5).

Ya ta bales wong Tuban bedil
sira,
mbedil-binedilan teki,
aruket ayuda,
perange gogocohan,
numbak tinumbak neki,
dening sikep padarangi. (6).

/17/ Mburu-binuru yudane wong
Tuban,
wong Singaraja mburuni,
wong Tuban malaywa,
Natheng Tuban duka,
brahmantian angunus keris,
angamuk rampat,
Prabhu Panji amaguti. (7).

Sarwi ngunus duhunge sakti
maguna,
Baru Semang kang nameki,
saktine kalintang,
bisa amanjangang,
Nateng Tuban sira angling,
"eh mu sapa aran,
endonyaha dateng riki". (8).

Ya ta mesem Prabhu Panji
angandika,
sadia manira nglurugi,
Nagara Blambangan,
sira tumandanga,
sandangen sira den tangkil,
sanjataning wang,
Nateng Tuban amaguti. (9).

Kadia singa lodra pangamuke
sira,
awor gending lan gong beri,
Surakling ampuhan,
ramening ayuda,
gogocohane kehing mati,
Natheng Tuban lina,
pinejah de Prabhu Panji.(10).

Kang wong Tuban pada sira
anungkula,
matur maring Prabhu Panji,
Prabhu Panji narima,
ature wong Tuban,
Prabhu Panji sira malih,(11).
ngdurung Nagara,Surabayeki.

Wong Surabaya sampun pada sa-
yaga,
nganti dateng satrungeki,
ya ta mangke prapta,
satru Singaraja,
wong Surabaya maguti,
/18/ asurak tabuhan, (12).
gugubugan kang gong beri.

/18/ Munia ngraras kang mare-
ret kendang cina,
ya ta mangke aperang sabil,
mbedil binedilan,
ne mekar katembara,
buduk-sinudukan teki,
wong Surabaya, (13).
nglawan satru sing ajurit.

Raja Surabaya ngenah ring pa-
perangan,
amrajaya angamuki,
Prabhu Panji Saktia,
mrajaya buduka,
Ratu Surabaya mati,
wong Surabaya,
sesan mati anungkuli. (14).

Ngayuh pada ature sira ngawu-
la,
narima Sang Prabhu Panji,
Prabhu Panji sira,
malih ngadu bala,
ngluruga Nagara mangkeki,
Nagara Candi-bang, (15).
prapteng Swarga paparangin.

Awor gending tambur beri gu-
gubahan,
wong Candi-bang amaguti,
asurak gamelan,
amrajaya sira,
mbedil-binedilan naki,
aruket sara,
gogocohan perange sabil.(16).

Saleng tujah saleng pah sa-
leng tumbak,
Ratu Candi-bang ngamuki,
sareng bala Natha,
Demang Demung sira,
lagawa amerepeki,
Prabhu Panji yeka,
kerise Semang n̄uduki, (17).

Sing kasuduk kena nulia pada
pejah,
wong Singaraja suraki,
nda nalikang surak,
/19/ kundur wong Candi-bang,
dene lingn̄ane Sang Gusti,
nuliana pada sira, (18).
ngawula ring Prabhu Panji.

Prabhu Panji sira mangke ana-
rima,
atur wong Candi-bang iki,
Prabhu Panji sira,
malih ngadu bala,
nglurug Nagara Banyuwangi,
prapteng sira asurak, (19).
awor gong beri munia atrib.

Dening sampun wong Banyuwangi
sayaga,
magut ikang satru prapti,
Ratu Banyuwangia,
sira ngadu bala,
mamanah mbebedil teki,
arok gugubahan,
surak ya andadali. (20).

Ya ta aruket perange saling
tujah saling tembar,
mburu-binuruan eki,
Prabhu Panji sira,
mrajaya ngamuka,
sira Natheng Banyuwangi,
nglawan Prabhu Panjya,
sira danurdara reki. (21).

Kapisanan tinuwek Natheng Ba-
nyuwangia,
kena dada kasemburi,
nulia tiba pejah,
surak wang Singaraja,
kadia guntur andadali,
awor gugubuhan, (22).
sira kang wong Banyuwangi.

/19/ Sisan pejah atumang luhu
ngawula,
maring sira Prabhu Panji,
Prabhu Panji narima,
malih mangke sira,
Prabhu Panji Sakti malih,
ngadu bala,
nglung Nagara Sumenepi. (23).

Ya ta mangkat tan sari perap-
ta,
ngadeg bandera suraki,
lawan gugubahan,
tumbar beri munia,
kadia ombaking jaladri,
/20/ akanda-kanda,
wong Sumenep amaguti. (24).

Metaksu aor gending gugubahan,
sarwi sira ambebedil,
kang wong Singaraja,
mbales mbedil manah,
nulia ruket perange sabil,
saleng tembar tujah,
Nateng Sumenep ngamuki. (25).

Kadia Singa Lodra pangamuke
sira,
Prabhu Panji-sakti gelis,
amrajaya sira, angawula,
Nateng Sumenep peson pejah
maring sira Prabhu Panji,
Prabhu Panji narima,
wong Sumenep pada ya. (26).

Prabhu Panji sira malih ngadu
bala sira,
ring Sungheneb nagara,
asrang bala peka,
digjaya tan pantara,
bahita prasama anglaris,
tabeh-tabehan, (27).
tan winilang punang jurit.

Ya ta mangkat Prabhu Panji
neng Madura,
saha bala tan asari,
prapteng ing pangkalan,
nabuh kang tetengeran,
gong beri munia atrib,
saha suraka,
kang wong Madura maguti.(28).

Ratu Madura ngadu bala asu-
rak,
gugubahan tambur beri,
amrajaya sira,
dene satru prapta,
binedil pinanah teki,
ya ta ngawalesa, (29).
kang wong Singaraja mbedil.

Kadi gelap swaran bedil-bine-
dilan,
manah-pinanahan teki,
ramening ayuda,
perange gogocahan,
numbak tinumbakan eki,
nembar katembar,
nujah tinujahan eki. (30).

Raje Madura sira angamuk ram-
pak,
/21/ Prabhu Panji amaguti,
ngiyut dangira ngamuk,
Ajing Madura,
Buduk Jing Maduratni,
terus dadanira,
sembur ludira umijil. (31).

Kang gumuruh wong Singaraja
suraka,
awor gubah kang wong gending,
wong Madura sira,
sesan pejah ngawula,
maring sira Prabhu Panji,
Prabhu Panji sira,
narima wong Madura eki. (32).

/21/ Ya ta malih Prabhu Panji ngadu bala,
nglurug Nagarane Keling,
mangkatkan sarya,
prapteng ring pangkalan,
pinggire Nagara Keling,
nabuh tengeran,
gong beri munia atrik. (33).

## IV. PUPUH: GEDANG-DAYA.

Saha surak gumuruh andali,
kadia guntur prarung ing ambara,
surak wang Keling sadaya magut,
asurak wanti-wanti,
awor gending gubahan,
nulia mara sampun,
wong Keling mbedil mamanah,
pangucape tampanen sanjatan kami,
wong Singaraja ngwalesa. (1).

Asurak sira ambedili,
awot bur munia akerasa,
kadi ombak ampru anrake,
tumulih perange cucuh,
mbedil binedilan eki,
aruket yudanira,
saling tujah suduk,
saleng guwuk saleng tembar,
saling sempal dening kalewang tajapi,
ana ta Tuan pejah. (2).

Dening akeh kang wang Keling mati,
kaprajaya Raja Keling duka,
anengahing paperangan reke,
ngamuk rampak sira laju,
Prabhu Panji amaguti,
angunus duhung sira,
duhung saktin ipun,
tinuwekang bisa panjang,
terus dadane Raja Keling ngemasin mati,
niba kantaka ring lemah. (3).

Wong Singaraja surak atrib,
gumuruha gong beri gubahan,
wong Keling sadaya reke,
sesan pejah pada ngayuh,
ngawula ring Prabhu Panji,
Prabhu Panji narima,
atur wong Keling iku,
Prabhu Panji malih sira,
ngadu bala nglurug Negara Tumapel,
mangkat tanasari prapta. (4).

Maring Tumapel nagari tepisiring,
neng pangkalan nabuh kang tengeran,
kang gending gubah reke,
awor kang surak gumuruh,
kadia gelak atarung gatik,
wong Tumapel wus sayaga,
magut satru rawuh,
kanda-kanda pada sira, (5).
wong Tumapel surak padanireki.

Aprajaya satru bala desa,
/23/ wong Tumapel mara reke,
mbedil-mbedilan sira laju,
wong Singaraja,
manah mbedil sira,
ruket perang acucuh,
nembar kalembara sira,
saleng tujah,
saleng gutuk saleng tigtig,
won Tumapel amundura. (6).

/23/ Jing Tumapel brahmantian tan sinipi,
dukanira ngunus duhung sira,
amrajaya satru reke,
kadi singa lodra ngamuk,
wong Singaraja maguti,
Prabhu Panjya-saktia,
sira reke magut, (7).
Jing Tumapel tinuwekan,
dening kerise Baru Semang-sakti,
Jing Tumapel tan kapisanan.

Sambur ludirania pakatistis,
maring lemah kang wong Singa-raja,
asurak gubaha reka,
tambur gong beri gumuruh,
wong Tumapel sisan mati,
ngayuh pada ngawula,
maring sira Prabhu,
Prabhu Panji anarima,
aturnira wong Tumapel sadayeki,
Prabhu Panji malih arsa. (8).

Anglurug Blambangan Nagari,
ngadu bala Sang Prabhu mang-kata,
tan asori dateng reke,
maring tepisiring eku,
ing pangkalan kandugi,
ngadeg tunggul bendera,
nabuh tengeran asruh,
gumuruh gong beri munia, (9).
ngapak-apak kadia gelap mba-
/24/ rung tatit,
wong Blambangan wus sayaga.

Wus akwa maranganti,
kawarnaha Prabhu Blambangan,
tinangkilan adan Patih reke,
Ki Patih sadaya matur,
maring sira Sri Bhupati,
duh Ratu panembahan,
kadia Ratu apa,
Ratu ingandel sadaya,
sampun brasta kalih dening satru sakti,
kalintang gagah prakosa.(10).

Ya ta mesem Sang Prabhu nem-bungi,
ling Ki Patih yayi padanira,
kadi apa kang karsane,
kang manira asti puput,
ngupeti swarga pang panggih,
ri wekas pang panggiha,
maksi dadi Ratu,
ingerat denia Nagara,
dadi Agung mangke ingwang es-ti mati,
saget pejahe mayuda. (11).

Mangkana lingnira Sri Bhupati,
kapirungu denia Patih sadaya,
ya ta pada matur reke,
"singgih Tuan Ratu Agung,
amba matur ngesti Widhi,
pejahe amayuda,
pang nyawa anemu,
Swarga-lokane punika,
amuponin sarwa mulia reka,
numadi reke maliha". (12).

Dadi Natha Patih Mangku Bumi,
ndatan kurang brana arta,
Sang Prabhu ngandika alon,
bener samono sireku,
pakolihan matiajurit,
aywa gemba-gemba ya,
esti Sanghyang Ayu,
/25/ lah ta mangke pagutan,
saturningwang Ki Patih pada-tur bakti,
hamba neda sahiringa. (13).

Saksana Ki Patih mantuki,
samadaya prapteng grianira,
pada ngarih-arih rabine,
angaskawan timekul,
linge duh mas-mirah,
kembanging pamereman,
anom rangda Ratu,
sangonana pakanira,
sepahira maka sangun ingsun ajurit,
amagut satru prakosa. (14).

/25/ Rabine sira anangis,
waspanira tan pegat mijil,
tumrep ing wadana reke,
linge duh kakang katengsun,
yen sira lampus ajurit,
sun belani si kakang,
cihna bakti ingsun, (15).
astitin rabin ika, gelis,
edan temen kakunge si mangke
ahyas ngangge sarwa petak.

Tur asekar sira cempaka wilis,
mwah gagandan gandane ngembara,
tur angrangsuk jimate reke,
rabineka nginang reka sampun,
ingambil dening lati iki,
nekul angaras-aras,
linge sira arum, (16).
ayu rangdaha kantuna,
pakanira amit umijil mas Gusti,
mangutus satrune Sang Natha.

Mangkana sasanane Ki Patih,
samadaya rumrum rabinira,
/26/ nulia pada metu reke,
prapteng kuta sira sampun,
kawarna Sang Sri Bhupati,
ngandika ing rabika,
duh prami Sang Ayu, (17).
sangonana pakanira,
serahira maka sangun ingsun mati,
maring kang rama paberatan.

Denatulus sanggupira nguni,
pareng pejah den ametakena,
pareng tiba swarga reke,
tembe dumadi sadulur,
maksi dadi Ratu singgih,
amun terang kang jagat,
mangkana ling Sri Narendra,
Pramiswari ngembeng waspanira mijil,
patambwas sing wadana. (18).
bhuwana desa agung,

Sang Prabhu mekul ambiseka,
atma-jiwa anom ing arangda,
menenga mas ayu anom,
tumulih sira Sang Prabhu,
ahyas ngangge sarwa putih,
tur pinggel kana sira,
destar putih alus, (19).
asumpang campaka petak, lewih,
tur ngrangsuka pajimatan ika
Pramiswari sampun nginang.

Ingepel sepahe ing lati,
Sri Narendra mekul ngaras-aras,
linge kari ya mas anom, yeku,
Sang Prabhu ling ing putra
mas mirah cili nak mami,
lah kantun atma-jiwa,
sira Dewi Ayu, (20).
muspa ngabakti ping tiga,
Sri Bhupati tan kemat sira anilik,
/27/ putrane ayu rumajang, Jawi,

Ya ta miyos Sang Prabhu ngaprapteng jaba eca sira mulat,
bala wargi sakatahe,
pada ngangge suweta,
mangkat sira Sri Bhupati,
saupacara ika,
dwaja payung agung,
prapteng paperangan kocapa,
sira Patih pada ngadu balaneki,
asurak bebedil sira. (21).

Awor gending gugubahan gong beri,
kang kawarni satru Singaraja,
sakata wong Singa reke,
angwales bebedil teku,
asurak awanti-wanti,
mbedil binedilan,
ruket perange cucuh, (22).
saling tembar saling tujah,
saling gutuk Patih Singarajajurit,
ngalawan Patih Blambangan.

/27/ Sakatah Patih Blambangan teki,
perange cucuh nglawan Patih Singa,
kadi ombak sagarane,
nempuh paparang puniku,
tan maras kasuduk ati,
Ki Patih Singaraja sadaya,
nglawan Patih Blambangan,
saha gogocoh,
sikepe pada warangin,
datan maras tinuwekan. (23).

Saksana perangira reka sabil,
sadaya Patih Blambangan,
samadaya pejah reke,
surak wong Singa gumuruh,
wor gong beri amuni,
Sang Prabhu Blambangan,
sira mulat sampun,
/28/ Papatih sadaya pejah,
Sang Sri Raja ngunus kerise maha lewih,
jujuluk Ki Babu Turas. (24).

Ingemasan mas murub maha lewih,
lalampahan malate kocapa,
Prabhu Panji Sakti reke,
singgih sira pakendulu,
Ratu Blambangan teki,
sampun nganggar sanjata,
Prabhu Panji ngunus,
keris Ki Baru Semang,
maha sakti Prabhu Blambangan ngetoni,
keris mijil api ika. (25).

Datan mara sira Sri Bhupati,
angetoni tan jrih sinudukan,
dene esti swarga reke,
mideran aruket nyuduk,
Prabhu Panji anyuduki,
Prabhu Blambangan kena,
dadanira terus,
sembur ludira mulaka,
kang wong Singa asurak awor gong beri,
bala wargi Blambangan. (26).

Pada mulat Sang Narapati mati,
pada wirang ngamukang wong Singa,
Patih Gelap-sayuta reke,
pareng sira Rangga-Janur,
magut wong Blambangan teki,
ingamuk gugulangan,
sing asuduk lampus,
along-linongan ta sira,
wong Blambangan sesan mati sira kari,
sadaya sira ngawula. (27).

Maring sira Prabhu Panji-sakti,
Prabhu Panji sira anarima,
wong Blambangan reke,
Sang Prabhu ngandika asruh,
lah basminen padaneki,
/29/ sakeh lampus mayuda,
pada siring deku,
wong Blambangan samadaya,
sigra pada mbasmi layon mayit sami,
sakatah pejah mayuda. (28).

## V. PUPUH: KARASMIN.

Kawarna Pramiswari,
ngrungu Sang Natha lampusa,
ya ta sira ahyas reko,
ngangge sarwa petak sutra,
asekar sira gandan,
pareng madulima sampun,
pada sira ngawa kadga. (1).

Kawarni Rahaden Dewi,
maka lima umatura,
biang ingsun pareng mangko,
abela si bapa lina,
linge biange Pramiswaria,
duh mas mirah anak ingsun,
aja pareng bela anak. (2).

/29/ Tan wenang sira belani,
Bapa Aji sira Sang Natha,
ala ucap wang sakabeh,
ingucap si gamia anak,
idep si hujar biang,
yadin katawan sireku,
apan titah Widhi Dewa. (3).

Yen sira jinarah mangkin,
dening Ratu Singaraja,
aja lenggana karsane,
de nastapa sira anak,
dadi njuru napuh kunang,
bagia dadi rabin eku,
biang mantuk dumadia. (4).

Sahiring Sang Raja Dewi,
pada arsa sira musapa,
iramaji lina reke,
ya ta ahyas sira Dewya,
ngangge kaprabonan sira,
/30/ sarwa sutra mas-tatur,
asekar gagandan sira. (5).

Ya ta mahyasa Pramiswari,
marang putra ratna Dewya,
ingiring wong jero kadaton,
samadaya daging pura,
kari kang wong tuha sira,
prapteng jaba kang katemu,
rabin Papatih sadaya. (6).

Pada bela nikang rabi,
ingiringan putranira,
miwah pawongan sakabeh,
mangka tanasari prapta,
ing rabi binasmi ika,
sakatah kang bela sampun,
pada sira ngunus kadga. (7).

Tinaneman sor susuni,
sembur ludira mulaka,
nulia kantaka padane,
sakatah bela wus pejah,
binasmi padanira,
ngabakti Sang Putri sampun,
maring mabibinira. (8).

Prabhu Panji anontoni,
Sang Putri sadaya muspa,
Prabhu Panji muwus age,
maring Putri samadaya,
sira Putri sadaya,
aywa malih sira manjak,
manira ngdawa siraki. (9).

Mantuk ing Nagaran kami,
neng Singaraja Nagara,
Sang Prabhu sahiring reko,
/31/ pada ngitung wak tina-
tah,
ngandika ing jro bala, (10).
tandingin kosula lacur,
diastun pacang wakarusak.

Bagia sih uripa kami,
kadi ndadi apuh kunang,
denta maka titah reke,
mangkana ling jroning nala,
Sang Putri samadaya,
ingater lumaku rawuh,
ing palabuhan reke sira.(11).

Ingunggah ring palwa teki,
Sang Putri sadaya sira,
Patih canigara reko,
ngater putri samadaya,
sang bandega mbahbah layar,
bahita kanginan rawuh,
ing pasowan Singaraja. (12).

/31/ Saksana sampun ring puri,
Putri Blambangan sadaya,
ing salu Wetan enahe,
Putring mareke punika,
makalima sireki,
Putri nak Papatih iku,
ing salu rered punika. (13).

Kawarna Sang Prabhu Panji,
ngandika ring Papatih sadaya,
sira yayi lunga mangke,
jarahen Nagara Desa,
Madura Keling punika,
lan Sumenepe puniku,
miwah Banyuwangi ika. (14).

Lan Nagara Tumapeli,
Surabaya nareng Tuban,
lan Candi-bang Nagara mangko,
nawi wenten Putri jarah,
Ki Patih umatura,
inggih sandika Sang Prabhu,
amenyan Daha mitlahi. (15).

Ki Patih mangkat sameki,
ingiring den balanira,
tanasari dateng reke,
ing desa-desa punika,
/32/ wong desa sahiringa,
njarah daging pura Ratu,
Ki Patih umanjing pura. (16).

Sang Putri katawan tangis,
ing pawongan sadaya,
pada mula sira reke,
eling dadi jajaran,
Ki Patih dateng ucapa,
singgih Putri anratu,
lah mijila ingsun iwa. (17).

Sakeh rajabrana teki,
arsa pirak mas salaka,
daging tabla ring gedong,
puniku sampun kagawa,
denira Ki Patih Rangga,
Sang Putri lumaku metu,
pawongan ngiring sadaya.(18).

Ya ta sira Patih malih,
nawanak Patih punika,
Putri sapuluh olihe,
waridaha rumajanga,
sahutamani sarira,
sadaya kagawa sampun,
denira Ki Patih Rangga. (19).

Saksana kang cariteki,
Ki Patih sadaya sira,
sowang-sowang sira reko,
anjarah olih sira,
miwah Putri raja-brana,
sira Patih iwa sampun,
lumaku pada lumpat. (20).

Sakatahe pada perapti,
maring ahyune Sang Natha,
Prabhu Panji ngeton reko,
/33/ jajaran samadaya,
Sang Prabhu eca mulat,
ndulu Putri kabeh ayu, (21).
Sang Prabhu sira ngandika.

Maring Patih Tambak Wisti,
lah mantuka awadana,
wong tawan sadaya reko,
Tambak Wisti sahiringa,
sira amit abaktia,
ya ta enjang sira rawuh,
ing palabuhan reke sira.(22).

Ki Patih sira agelis,
ngunggahang tawan sadaya,
ing palwa kapal tambage,
sadaya tawan ring palwa,
ki bandega mbahbah layar,
bahita Kangin rawuh,
ing pasowan Singaraja. (23).

Kabeh pada tumuruni,
Ki Patih nggawa pura,
sampun puri kadaton,
jajarahan samadaya,
nengakena kocapa,
Prabhu Panji kang kawuwus,
nawan daging puri pura.(24).

tis,
/33/ Tan kitung mas selaka pi-
gedong peti binobaan,
miwah gamelan reko,
kang gong mabusana mas,
gong maguna ikang kanocap,
/34/ bentara kadaton tulak,
punika kang jinarahan. (25).

Lan keris Baru-turas nami,
punika kang jinarahan,
miwah kang wong wadon,
tigang atus n̄ayu lanjar,
saksana ikang carita,
Prabhu Panji olih reko, (26).
njajarah neng Blambangan.

Prabhu Panji mantuka aris,
ingiringang balaneku,
katon salampah kang wong,
akasukan ring dalan,
atoh pati tan suruda,
prapta ring kakisik mangko,
pada munggah ing rata. (27).

Sakatah bala Nrapati,
makamiwah jajarahan,
sampun ing bahita reko,
Ki Bandega mbahbah layar,
palwa Kanginan lumampah,
tanasari nulia rawuh,
ing pasowan Singaraja. (28).

Bandega pulang mahiring,
sakatah palwa acangcang,
bedil munja reko,
ngampak-ampak swaraneka,
kadi guntur ambarunga,
ya ta Sang Prabhu tumurun,
sah ing bahita Sang Natha. (29).

## VI. PUPUH: SINWAM.

Ingiring bala sadaya,
tanasari sira prapti,
ing purane Singaraja,
Sang Prabhu sira katangkil,
dening Natha Papatih,
Sang Prabhu eca kalangkung,
kocap sang juru ebat,
n̄ola ulam sampun dadi,
saratengan nulia katur ing
Sang Natha. (1).

Ya ta mangke nulia pacar,
drawinane alep asri,
menak Natha samadaya,
eca adrawina neki,
aseleg sira amukti,
/35/ ingideran arak anggur,
osol jinewer punika,
sajeng wayah lan barandi,
Sang Sri Raja Prabhu Panji
sira eca. (2).

Prabhu Panji angapura,
sowang-sowang prapteng geris,
rabine gupuh mendaki,
saksana kang cariteki,
ya ta dalu sura turu,
pareng rabine pulilita,
kapati sira aguling,
tan wareh acumbuana,
dalu wayah rahina mahungu si-
ra. (3).

Sira wus asiram ayas,
mangkana saksananeki,
sira Ki Patih sadaya,
kasukan sira mangkeki,
dene olih wak jurit,
tusta nalane kalangkung,
gawe poyan ring geria,
tan doh rabi angayandahin,
kang kawarna Prabhu Panji
linggih sira. (4).

/35/ Ing bale murdha kancana,
paren rabi Pramiswari,
Sang Prabhu eca kalintang,
tusta nalane tan sipi,
olih amenang ajurit,
ngalahang Blambangane teku,
ingitung alih kang brana,
mas selaka ulung tali,
maka miwah sosocan kang miwah
ratna. (5).

Mirah ratnane punika,
ingitung kang wastaneki,
ratna brutika utama,
makamiwah ratna adi,
mangden sahi Bhupati,
nyakra-wreti Nagariku,
mirah sosocan punika,
tigang tali akeh neki,
makamiwah ikang pitis kang
rong bhara. (6).

Sang Prabhu arsa wikana,
maring jajarahan Putri,
nulia Sang Prabhu nginena,
ngundang Putri tawan sami,
nika saladwa sahiring,
nulia makta sira rawuh,
/36/ marih Putri jajarahan,
wuwuse sira maturi,
"hamba kinen dening Raja Sri
Narendra". (7).

Ngundang ndi kalah mangkata,
putri jajarahan siwi,
samadaya sira mangkat,
dateng ayun Sri Bhupati,
ing lemah pada alinggih,
tan wani ngeton Sang Prabu,
Sang Prabhu eca mulata,
para Putri sadayeki,
pada rawit semunira masadaya.
(8).

Sang Prabhu eca ngandika,
maring Putri tawan sami,
sira Putri padanana,
warah aran sanwi koki,
Putri Blambangan angling,
"singgih Tuan Ratu Agung,
kula anak Ratu Blambangan,
pareng lima ta puniki,
kang kawula ingaranan Tiksna-
Rengga". (9).

Putri manengah matura,
"kula aran Tiksna-wati",
Putri manyoman matura,
"kula aran Srining-sari",
Putri maketut maturi,
"kula aran Ni Sejuruh",
Putri Made matura,
"kula aran Ni Sagelis",
Putri Keling umatur ring Sri
Narendra. (10).

"Kula aran Ni Sarahi",
Putri matura-maturi,
"kula aran Ni Sajendra",
Putri Sumenep maturi,
"kula aran Ni Sawati",
Putri ing Banyuwangi matur,
"kula aran Srining Kendran",
Putri Tumapel maturi,
"kang kawula ingaran Srining
Arsa". (11).

Matur Putri Surabaya,
"kula aran Tirtha-sari",
umatur Putri Candi-bang,
"Tirtha Yatra aran Aji",
Putri Tuban umaturi,
"singgih Tuan Ratu Agung,
/37/ Tirtha-wati aran kula",
matur Putri anak Papatih,
"Putri Arya Diaksa sira uma-
tura. (12).

/37/ Kula aran Madu-Bratha,
Putri Kanuruhan maturi,
"kula aran Madhu-rasa,"
Putri Tumenggung maturi,
"kula aran Madu-sari,"
Putri anak Demang umatura,
"kula aran Sari-rasa",
Putri Demung umatura,
"kang kawula ingaranan Sura-
rasa". (13).

Putri anak Patih Kladian,
umature ring Sri Bhupati,
"kula ngaran ing Sajendra",
Putri anak Patih Kaloping,
matur ring sira Nrapati,
"kula arane Kendran Ratu",
Putri anak Patih Telabah,
matur maring Sri Bhupati,
"kang kawula ingaran Niskala-
Rasa". (14).

Putri anak Patih Pandeya,
matur ring sira Bhupati,
"kawula aran Nawang-rasa,"
Putri anak Patih Dipati,
matur ring Sang Sri Bupati,
"kula aran Tara Banun",
Putri anak Gajah Para,
matur ring Sang Sri Bhupati,
kang kawula ingaran Ni Sapa-
tih-Rasa. (15).

Putri anak Patih Nagara,
matur maring Sri Bhupati,
"kula aran Ni Subadra",
Putri anak Patih Waringin,
matur ring sira Nrepati,
"kula aran Maswadi-Ratu,"
Putri anak Senapatia,
matur ring Sri Bhupati,
"kang kawula Nawang-rum aran
kawula". (16).

Saksana Sang Prabhu Panjya,
/38/ wikan aran para Putri,
Sang Prabhu aris ngandika,
linge asemu manis,
luh sira para Putri,
aja walang ati kayun,
ing wang angeman sira,
maka kembang ing jro puri,
angetisin tirta toya padan-
ira. (17).

Manira nganggena sira,
Pramiswari padaneki,
kadi punapa ta sira,
Putri sadaya nembungi,
linge Sang Sri Prabhu Panji,
singgih Tuan Ratu Agung,
kawula neda ngiringa,
sahenak andika mangkin,
kulasiring nadi njuru napuh
kunang. (18).

Nora pasah kang kawula,
ngawula dumateng gusti,
Sang Prabhu eca miarsa,
linge pada para Putri,
Sang Prabhu arsa mangkeki,
akarya panggen ipun,
nginen andang kang pandeya,
kang kinen lumaku gelis,
dateng ira mawarah ki pande
enggal. (19).

Pande Beratan petang dasa,
dateng ayun Sri Bupati,
sang Prabu aris ngandika,
"sira pande karya mangkin,
pangenggéning istri kerdi",
ki pande sadaya anut,
Sang Prabhu sira asungi,
kang mas mirah saptiki pande
para. (20).

/38/ Akarya ikang kalpika,
sinocan kang mirah-adi,
makamiwah karya sekar,
akembang pada satusi,
dadi akarya pinggeli,
pinggel tangan pinggel suku,
kabeh dadi panganggeki,
katur maring Sri Bhupati,
Prabhu Panji asung putri sa-
madaya. (21).

Putri sadaya neneda,
pasunge Sang Sri Bhupati,
Sang Putri sadaya ahyas,
ngangge pasunge Nrapati,
/39/ wuwuh ayu padaneki,
nora mejang ayun ipun,
kadia Widadari sira,
Ki Suraloka teki,
mencur cahya tumuwuh kang ma-
ring dunia. (22).

Sang Prabhu suka kalintang,
mulat Putri sadayeki,
ya ta arsa Sri Narendra,
abuncing ring Sang Putri,
tumulih nginen Ki Patih,
ngatag juru solah teku,
juru tatabuhan,
Ki Patih sira sahiring,
sira Patih encong ngatag ju-
ru solah. (23).

Miwah juru babarisan,
wong pawata wong kakisik,
tepisiring padadesan,
kabeh ingatagan teki,
tumulih pada datengi,
ing Nagari pada sampun,
nulia kinen kabaris,
wong pragina padaneki,
ngigel gambuh seyosira solah
jangkang. (24).

Len solah tameng sira,
ada masolah kang bedil,
ada sira solah dadap,
len solah kepet sireki,
len sira ngigel topengi,
len sira juru nanabuh,
kang gong gendinge punika,
barung-barung tinabuhi,
gong jaran olihe saking Blam-
bangan. (25).

Abusana mas asosocan,
bentara kadaton nami,
tinabuh munia angraras,
rengih datan anandingin,
swarane angibeking puri,
Sang Prabhu eca angrungu,
Sang Prabhu sira sineba,
ing paseban kang tinangkil,
dening menak Patih Punggawa
sadaya. (26).

Patih sadaya matura,
aturira kang wot sari,
"singgih Tuan Ratu Raja,
jeng andika amabuncing,
Paduka hamba ingiring,
mabuncing ngiring i Ratu",
"hamba olih kang wadonia,
anak Bandesa Papatih",
/40/ Sang Prabhu manjing
angandika. (27).

Lah lawut sira pada,
mabuncing parenga kami,
kadung dewasane melah,
pabuncing Arjuna teki,
lan Supraba maring Swarga,
kocapana saleng pekul,
Ki Patih mesem miarsa,
linge sira Sri Bhupati,
pada matur sira Patih sadaya.
(28).

/40/ "Singgih hamba sahiringa",
ucapen sang para Putri,
Putri Blambangan sadaya,
nene pacang kalap rabi,
ya ta pada ahyas neki,
ngangge kaprabunan murub,
sarwa mas pinggel kencana,
tangan suku apinggeli,
ing gelange pending mas ma-
soca mirah. (29).

Aron sekar mas panyahnyah,
ngimbuh kang sekar lawi,
pareng sekar tarunasa,
lan sekar mandega nolih,
sekar jajabungan miluni,
pareng sekar raja-sunu,
lawan sekar benang rara,
imbuh sekar surapati,
sekar anggatan sekar buyut
miluwa. (30).

Tur agandan ambar Jawa,
mrebuk gandane ngibekin,
saksana Sang Putri ahyas,
maka pat puluh lumaris,
nujeng kahyangane prapti,
Sang Putri sadaya lungguh,
/41/ ing meru punika,
Sang Prabhu sira kawarna,
sampun ahyas awastra candana
karya. (31).

Kampuhe bot-lor ingemas,
mrebuk gandane ngibeki,
genjong Sang Prabhu lumampah,
dateng Kahyangan Merune,
nenggih dateng sira Patih,
kabeh pada sira rawuh,
para putri papacangan,
ing hyarepana alinggih,
Sri Pandita Resi sampun amuja.
(32).

Nelasang semadhi yoga,
pada sira angabakti,
Sang Putri Sang Sri Narendra,
pareng atita tumitis,
kasaksenan de Sang Resi,
tusta jirna jroning kayun,
dene rahina wayaha,
surya reke nunggang bukit,
kabeh bubar Sang Putri sira
sadaya. (33).

Nenggih bale pabuncingan,
mabah-abah prapti sami,
maket menur langse permas,
cacandan Sang Putra angrawit,
sampun ingukupan wengi,
gandane kalintang mrebuk,
damar kurung makembangan,
anan jaramreman rawit,
Prabhu Panji eca mekul Putri
Blambangan. (34).

Dene dalu kapetengan,
Ki Patih sadaya kawarna,
pada mabuncinga sira,
lan Putri jarahan teki,
Sang Putri sira kalagi,
ginugahan sira sampun,
kawarna wong gugubahan,
nora warnan sata budi,
gending wang pareret saken-
dang Cina. (35).

Arok kabedil munia-munia,
nyihnayang Sang Prabhu Panji,
pabuncing nora kapegat,
saksana sacandra lami,
/42/ Sang Prabhu kasukani,
rabi putri kang pat puluh,
nangken dalu ta sanggama,
rahina gawe hayasi,
sarwi nonton gambuh kang to-
peng wayang. (36).

/42/ Sang Putri sira sadaya,
sampun ahyas padaneki,
dene jarna atinira,
nga-Jawi sira nontoni,
Sang Putri ing Jawi sampuni,
pada eca sira ndulu,
wong babarisan punika,
makamiwah wong ngigeli,
joged gambuh solah bedil so-
lah tamiang. (37).

Sang Putri eca sadaya,
tusta ati aningalin,
ya ta kang wonge sajagat,
tabuh pada aningalin,
atontonan kaya asri,
kabeh renan sira ndulu,
ilen-ilen Sang Sri Raja,
lali ring pakarya teki,
bini laki sira kadi kaya
edan. (38).

Saksana ikang carita,
kasukane Prabhu Panji,
ing mangke sira tan kocap,
nengakena kang mangkeki,
putus mangke kang tinulis,
duking dinaneka rawuh,
Buda Pwon wara ka Sungsang,
wulan panglonge ping kalih,
kang kocapa ganang gajah watu-bulan. (39).

PUPUT.

Puput sinurat ring rahina Bu., Ka., Ugu, Sasih Jyesta, rah, 11, teng., 9, I Saka, 1907.

20/1985

-----ooOoo-----

Katureksa antuk : I Ketut Suwidja.